Nomer 42 — Salasa 19 April 1927 (16 Sawal 1345) — Taoen ka 3

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie: Heerenstraat 31.
Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi SOERIADIRADJA.

Directie: Administratie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat
1/32 „ f 1,50 }
Langganan langkoeng mirah.

## Pamanggih koering

Dina Sipatahoenan No. 38 sareng No. 39 aja wartos ti H. B Pasoendan, dina ping 16 ka 17 April 1927 di Tasikmalaja bade diajakeun Algemeene-Vergadering. Samalah Tjabang-tjabang dipoendoetan kedah ngaudak sapamendak-pamendakna, babakoena tina pasal a sareng J. anoe kasebat dina Sipatahoenan No. 39.

Djisim koering, lid Pasoendan, teu kinten hajangna ngedalkeun pamendak anoe patali sareng pasal a nja eta tina perkawis orgaan.

Sanaos noe dipoendoetan timbangan teh Tjabang-tjabang, ieu mah etang-etang ngadadarkeun pamendak lid Pasoendan ka Tjabangna bae; kitoe deui soegan aja kaanggona pikeun Tjabang-tjabang anoe sanes.

H. B. gadoeh maksad bade moal ngaloearkeun deui Somah - Moerba, sareng pigentoseunana nja eta „Sipatahoenan" bade didamel officiel orgaan Pasoendan sarta leden anoe satia majar contributiena ka Tjabangna kenging orgaan gratis; henteu nganggo katerangan-katerangan deui anoe sanes; manawi tiasa djadi katerangananana bade didadarkeun dina kempelan noe bakal dongkap tea.

Djisim koering. lid Pasoendan, anoe hajang ngiring barempag tina perkawis ieu, teu kinten ngaraos handjakalna, wireh H. B. henteu paos masihan katerangananana. Manawi keur Tjabang-tjabang oge rada ewed ngabantoen poetoesananana. Kapaksa pamaksadan H. B. kitoe, sabab-sababna kedah dirarampa, dikira-kira.

Ningal kana saoerna H. B.: „.... ....., lantaran ka S. M. kanjahoan rea noe teu pati setia." (Sip. No. 39) djol bae aja pertanjaan ka diri sorangan.

Naha enja Tjb.-Tjb. majarna contributie henteu nohonan kana djangdji djangdji anoe kasebat dina S. M. No. 3 katja 6? Tjek tjiptaan hate, oepama enja djeung diantep bae, tangtoe S. M. moal bisa kaloear. Kana ngantep taja panginten, margi Adm. S. M. sok sasambat dina koropak.

Naha koe sasambatna Adm. S. M. henteu ngestoekeun keneh bae? Geuning tiasa kaloear?

Nanging sakitoena deui oepami jaktos artos noe djadi sabab, sageuj H. B. teu iasa ngananasehatan ka Tjabang-Tjabangna. Apan sadaja oge pada tarerang, oepami taja H. B. moal aja Tjabang-tjabang, njakitoe deui oepami taja Tjb.-tjb. moal aja H. B.

H. B. kedah masihan terang ka Tjabang-Tjabangna katoet ka ledenna, geura mangga djentre - djentrekeun sabaraha panarimaananana, sabaraha kaloearanana. Oepami waragadna H. B. henteu katjoemponan koe atoeran contributie anoe ajeuna, geura mangga voorstel, ageungan oepeti pikeun ka H. B.; moestail Tjabang - Tjabang teu moepakat oepami jaktos perloe mah. Oelah oedjoeg - oedjoeg bade maehan Somah Moerba.

Naha bade teu ngaloearkeun deui S. M. teh soepaja dikamoedi di Tasik? Boh di Tasik, boh di Wl., boh di mana bae noe ngamoedina oepami perloe, pikeun sim koering teu aja wagelanana, moeng Somah - Moerba oelah dileungitkeun.

Geuning kaoer Tjiandjoer mah: „Eta orgaan koedoe diradjah koe tarekah, soepaja oelah tjara loeangloeang ka toekang, ririwit berewit teu kaoer koe poepoes". Ari poepoes sih moal, moeng nitis, meureun nitis teu nganggo basa Walanda sareng basa Malajoe. Kaperloeanana basa Walanda sareng basa Malajoe dina orgaan oerang, tangtos Tjb.-tjb. pada aroeninga. Koe margi eta nitis djadi Sipatahoenan, sim koering tatjan sapagodos.

Katerangan-katerangan noe sanesna bade didadarkeun dina kempelan Tjb., oepami kaemoet perloe sim koering bade laladjo ka Tasik.

Koe emoetan, mangga Somah-Moerba geura parelakan. Djisim koering sareng babatoeran noe saihwan teu kinten ngadjeng - ngadjengna boeah penahna noe loehoeng elmoena djembar pamendakna, sing katingal karaat-na Pagoejoeban Pasoendan.

Soedjono.

## Poenale Sanctie.

Soegri noe maraos Sip. tangtos pada aroeninga beuratna ieu atoeran nekenna ka noe djadi koeli kontrak. Poegoeh pisan make aja noe nangtajoengan bisi diroga bala tea mah dina wet, jaktos aja koemisina tea mah poerah naliugakeun bisi kitoe reudjeung kieu. tapi koemaha boektina, boekti-Oerang mah ieu bae noe ditjekelan. Meureun aroeninga keneh kana lezingna djr. Partaamisena dina congres „Pasoendan" Tjiandjoer, netelakeun katalangsarana koeli-koeli kontrak di lemboer batoer, dikaniaja teu euih-euih, nekanan hiroep, njekelan harkat noe diristakeun alah manan sato, manoesa ngan kari ngaran. Sato onaman geuning make aja „dierenbescherming," djalma mah kapopohokeun.

Tjik koe oerang dengekeun, timbang-timbang koemaha pikiran bangsa sedjen tina hal Poenale sanctie. Nja rada ngeunah oge, ngadenge bedja di Tweede kamer rea noe hajang ngaleungitkeun, babakoena kaom noe kaseboet kentja, soegan djeung soegan lalamoenan-tereh moesna, da geus lontjer pakoena. Tapi edas rasa noe rada ngeunah teh leungit tanpa lebih koe manggih bangkarak-teu pira koe bangkarak - hidji soerat kabar noe katelah Nieuws van den Dag tea. Eta koe teungteuingeunana noe dipake njeri teh, abong kena eukeur nandjoeng, loeboer harkat kabangsaan, tjik atoeh sing aja rasrasan, sok lali poerwa daksina, lat ka papada kaoela; harkat dadamelan Allah, nepi ka disikoe, ditodjer-todjer abong kena kapelet koe noe baroeleud.

Mangga geura ieu raraoskeun, itjipitjip, keuging metik, saeutik-eutikeun: Tjenah: Prof. Mr. Kielstra netelakeun. jen Suriname (bawahan Ned. di Amerika kidoel T.) perloe make kapitaal djeung koeli-koeli ti tanah sedjen. Diterangkeun kaperloeanana koedoe nearangan koeli ti sedjen tempat, noedoehkeun tjontona kolonie - kolonie noe dareukeut maloendoerna teh koe lantaran kakoerangan koe koeli.

Tetela pisan moendoerna Suriname teh sanggeusna ngaleungitkeun boedak beulian (slaven). aja eungkeuteungkeut madjoe koe datangna koeli-koeli kontrak Djawa.

Noe matak koering netelakeun (noedoehkeun) ieu? Koe sabab mangmang hate kana pilanggengeunana Poenale sanctie, nadjan kaom kaom katoehoe pangreana di 2e. kamer oge.

Koedoe djadi pieunteungeun oerang, kaajaan (kamoendoeran) Suriname, Trinidad, Britsch Guyana (kabeh di Amerika Kidoel, T) Ieu teh tangtoe bisa kadjadian lamoen reana „doctrinairen"(*) sahandapeun satengahna wawawakil ra'jat.

Da apan nja eta noe keukeuh peuteukeuh njekelan pikiran, jen Poenale sanctie teh matak njeri (grief) pohara ka noe djadi koeli (ngalampahkeun pakoelian), djeung ngoedoekeun leungitna sagala roepa noe ngabeungkeut kana kamerdikaan koeli (vrijheid-restricties).

Naha teu matak ngalantarankeun panjeboet djalma, jen Poenale sanctie teh: teu adil, nista, telenges, ngaleungitkeun kahormatan manoesa?

Tapi koemaha ari saenjana? Woengkoel hidji atoeran dina wet anoe pohara benerna. pikeun maksa sawatara reboe djalma noe sama sakali teu loehoer „imanna" (zedelijk hoogstaand) oge koe lantaran noe sedjen teu perloe dipibeman leuwih ti misti „bovenmatig sympatiek" (tjeuk oerang mah meureun djalma goreng lah T.) nekanan kontrakna noe dipikaren koe maranehanana sorangan. Tjara ka pangeusi kapal di nagri (tjenah) geuning tara dirariboetkeun.

Lamoen eta atoeran ditjaboet, eta pakarang dieuweuhkeun. oerang teh saroea bae djeung ngamomorekeun kamadjoean (hiroepna) hidji „industrie" teu poepoegoeh.

Sama sakali taja pisan goenana . . . . . . djaba ti noeroetkeun kahajang noe mahiwal perasaanana sawatara djalma noe teu njaho kitoe reudjeung kieu, peupeureukeul ngeukeuweuk principe (toedjoean).

Ieu teh geus sababaraha kali ditjaritakeunana, oge koe koering. Tah koe 2e. kamer, nadjan rada agag-agagan Poenale sanctie teh dipageuhan.

Naha ieu poetoesan baris pilanggengeun? Koering mah ngamoega-moega sababna moal matja tjarita noe leuwih goreng dina Babad kagorengan djalma. batan dongeng djatohna Deli . . . . . roeksak lantaran sapikanan teu poegoeh (dwaze maltentigheid), ngatjo ngeroes (ngaraksa) rarasaan djalma, tangtoe hookeunana moen ngadenge roepa-roepa kahadean noe dilarapkeun koe tjaritaan deungeun-deungeun ka maranehanana.

„Uit drie dubbele, idiote zorg voor 't sparen der gevoelens van menschen die zelven verbaasd zouden staan als zij wisten welke qualiteiten men hun toedichtte." (kitoe Walandana. T)

Tangtoe bae noe koeli mah emboeng diboei,-teroesna teh - tangtoe bae harajangeun ngabaekeun kontrakna teu karana dihoekoem. Tangtoe pisan lamoen dileungitkeun setrapanana, noe saroepa kitoe teh pohara ngareanana, onderneming-onderneming bako, kontrakan naon bae di Deli, maloendoer.

. . . . . . . . . . . . . . .

Terasna. peuheur. Moebat - mebit ka soegri noe aja raraosan ka bangsa kamanoesan. Madjar djalma noe kitoe teh merah, teu njaho disikloek-beloekna oeroesan, rek ngarasoeksak beubeunangan djalma noe tararigin, noeroetkeun pikiranana noe ngatjo, teu ngabedakeun pisan kaajaan pagawe Eropa noe njaho di kaberesan djeung terpeladjar djeung koeli-koeli Djawa djeung Tjina anoe pohara mingsal adatna (gedegenereerd) Oerang Djawa tjenah anoe harade mah teu harajangeun ninggalkeun tanahna, barina ge teu perloe d. s. t. . . . . . . . .

Tak koemaha nepi ka kitoe oetjapoetjapanana teh? siga noe teu terang boektina. Oerang mah noe todo komo meureun teu njaho, jen kabiasaanana noe arindit kontrak teh, djalma noe geus euweuh tedaeun di dieu lain sabab goreng-goreng teuing. barina ge nadjan kitoe lamoen teu ditaripoe di-bibitaan ka noe moal daraekeun, moal; neken neken kontrak koe bisa teu bisa matja matjana atjan. Tjeuk kolot mah geuning di Deli teh aja hileud sagede goeloengan kasoer. Naha ketjap werek teh, kahartina koeoerang toekang koemaha, mana di kampoeng sok dipake kasieun djalma? Naha N. v. den Dag terang kana ieu perkawis teh, mana „deskundig-deskundig" teuing? Koering oge ari perkara koeli Tjina naon mah teu terang, ieu mah eta bae bangsa koering, noe sok katingal. Roepina bae Redactoerna katoeroeban daoen bako ma'loem anoe katoeroeban tea sok tara bener titingalan. Atoeh sing roemasa, kahajang teh, tong sok parakatangtang - pirikitingting miloe ngoeroeskeun kapertjajaan pangeusi Hindia ka Pamarentah sagala, djiga noe heueuh, saperti tina perkara gratie, noe sakieu etjesna oge geus teu kapireungeuh. Koe rarasaan noe sanes tangtos sapoek djeung T. eta mah soerat kabar teh pang teu koedoe-koedoena miloe tjarita hajang neangan „vertrouwen" da ari kapertjajaan mah tara beunang dioeseupan koe eupan beurat sabeulah, didjoegdjoeganana teh koedoe koe pertjaja djeung kanjaah, enja tetela, etjes, beleke, euweuh koeloemoedna tembong di ka poetih beresihan. Oelah noe ngalantarankeun di Poelau Mandi, Soeban Ajam, . . . . . . diseboet hade diseboet koedoe aja bae. ari goreng mah goreng bae. Sanes?

Tah mangga djoer. - djoer. H. B. „Pasoendan" noe parantos tangtos hidji anoe tiasa njebatkeun hideung teh saroea djeung bodas.

T.

(*) Doctrinairen = hidji partij noe keukeuh, toteg pageuh njekelan patokan toedjoean angen-angenna. Di dieu kamerdikaan kamoerbaan somah djadi kaasoep kaom kentja.

## Karangnoenggal 12 Maart 1927

Katrangan kanggo seratan Djoeragan Rd. Soeriakartalegawa dina S. P. No. 35.

Noemawi njanggakeun eta Voorstelan margi:

1e. Nja pirempagna Prijaji Bond, sanes dengdekna topi, kedah njobinjobi, soegan-soegan tiasa: kaoentoengan pamarentah desa teh dipoengoet nganggo djalan anoe langkoeng sae;

2e. Djadi sanes ngadamel padjeg anjar, margi kapan ajeuna oge boekti kaoentoengan Loerah sareng pamarentah desa teh djalma-djalma toenggal kedah majarna, malah majarna teh langkoeng ti noe dipioendjoek rata rata langkoeng ti f 5.—;

3e. Kawoewoeh boektina teu adil djiga saha noe bedas noe litjik meunang; boektina noe daek majar. noe teu daek mah lapoer;

4e. Atoeh noe djadi Loerah sareng pamarentah desa teh boektina mah lapoer hiroepna teu poegoeh;

5e. Eta Loerah sareng pamarentah desa pohara sami njoehoenkeunana, soepados Raad ngadamel atoeran panarikan bade kaoentoengan pribadosna.

1e. Emoetan Loerah-loerah sareng pamarentah desa oge perloe didongkapkeun pioendjoekna ka Raad, margi toenggal sami pangeusi kaboepaten; Soenda doegi ka djaga, sageuj koe bangsana, di desana bade diantep hiroepna sina tinggal ripoeh.

7e. Kakoepingna Loerah - Loerah saafdeeling pada hajang, soepados panarikan bade kaoentoenganana dirobah, margi parantos njata atoeran anoe ajeuna mah katimbang koerang saena, sakitoe parantos sidik tara katarik sadaja. honteu atjan aja noe naek perkara; soemawonten oepami djadi biasa; babakoena, marga Loerah rada era koe somahna, rasana hiroepna di desa bakal sangsara, oepami sagala roepa djadi perkara; sareng babakoena margi aja paribasa: adat desa rada sosah didoepakna.

(*)

## Ti pipir hawoe.

Beda - beda.

Lamoen Marhaen aja karepna djadi anemer, ngaborong adegan, ngarangsom atawa naon bae, pohara dihesekeunana, boeboehan „tjap salah" tea.

Lamoen maling hajam, pangadji f 3 á f 4 atawa doeit pisan noe leutik pangadjina, beu ambeu, lain bae beurat hoekoemanana, tapi geboeg koe karwats. rijzweep, atawa rangket koe hoe dina vooronderzoek; komo ari geus disangka mah tjara dongeng si Roda Mala tea bae.

Tapi anoe beda koelitna djadi anemer, anoe teu boga naon-naon pikeun borgna . . . . . . gampang bae, zonder borg deui.

Tapi anoe Gelenjoe djeung Marhaen heran, anoe samata-mata kaboer tina ngaborong adegan, beunang oge djelemana henteu bisa diperkarakeun da?

Maling, ngagasab wates 2 à f 3000; jaaaaah eta mah euj beda deui, sabab beda opvoeding, beda ontwikkeling djeung beda toeroenan, aja tjap Parakankoang tjap Amboe Sajanghajam, sanadjan maling atawa ngagasab, moen aja lowongan? Sanadjan koe Kangdjeng Goepermen niet gehandhaafd kan worden wegens ini dan itoe toch dianggap sa~~pesti-lain djalma-sorang~~.

Gelenjoe salah noelis, salah pok ngomong. zonder rechtskundige bijstand (teu make dipokrolan deui) rante, boei.

Ik saloeir Nir!

Gelenjoe.

(*)

8e. Dalah abdi oge sesah oepami keur tedaeun abdi, kedah narik ti djalmi, roempoe rampa poentoe-penta; lir djadjaloek oepamina,

Saladjengna noehoen oepami noe Agoeng

a. Iasa ngadamel Unificatie belasting, keur kaoentoengan Loerah sareng pamarentah desa;

b. Oepami eta kaoentoengan Loerah sareng pamarentah desa ditambih koe kasaean tina precent ti Crediet Wezen; dalah diwoewoeh koe precent ti afdeelingsbank oge soemangga.

c. Oepami tiasa djadi biasa, merkawiskeun noe teu njoemponan kana majarna keur Loerah sareng pamarentah desana;

d. Oepami atoeran - atoeran anoe kirang sampoerna, sanaos nganggo dadasar democraat, sapertos dina pilihan Loerah, ladjeng tiasa digentos koenoe langkoeng oetama, margi taja goenana ngoekoehan noe tetela awonna.

e. Noehoen dipasihan timbangan soepados njaboet deui Voorstellan ngajakeun padjeg anjar; ajeuna oge ditjaboet, njoehoenkeun digentos ngaran: oelah disebat Voorstellan padjeg anjar, moeng njoehoenkeun disebat Voorstellan ngagentos atoeran-panarikan keur kaoentoengan Loerah sareng pamarentah desa.

f. Kaemoet sanaos Lid-lid Raad oge kantenan aja noe ngamanah perloe;

1e. Noeroenkeun patokan kawadjiban majarna rahajat, tina langkoeng ti f 5 — kana f 5.—;

2e. ngadamel atoeran anoe sehat tiasa didjalankeun, sangkan adil teu tiasa aja noe litjik;

3e. Ngarobah atoeran noe kirang goenana; tjatjak jaktos goenana mah, manawi Prijaji oge moal digadjih.

moal diangkat koe Nagara; manawi ladjeng kedah dipilih koe rahajat, keur kaoentoenganana kedah aina poenta peuta ti somahan.

1. Kakoepingna seueur noe moepakat soepados Loerah-loerah sareng pamarentah desa dioeroes lefes-leres kaoentoenganana.

Koemaha bade dioeroesna?

a. Naha bade diantep sapertos ajeuna?

Pirakoe! atoeh manawi tetep teu kantenanana!

b. Naha bade disoehoenkeun soepados koe Gouvernement dilereskennana, atoeh langkoeng noehoen; moeng bae oepami kedah kitoe boa iraha mah tiasa kadjadianana; margi kawagel koe roepi-roepi atoeran kedah ngarobah sagala roepi wetna.

c. Kantoen noe gampilna, nja eta dilereskeun koe Regentschapsraad kaleresan Regentschapsraad kedah ngagalih kana kamadjengan atanapi saboetoehna kana kaleresan di kaboepatenna, noemawi ladjeng disoehoenkeun soepados Raad kersa ngatoer panarikan keur kaoentoengan Loerah miwah pamarentah desana oepami Raad keukeuh teu kersa ngadamel atoeran koe andjeun, ngantep onaman soegan moal, atoeh saboetoehna soegan kersa-kersa ngadamel motie soepados moendoet dilereskeun (diatoer) koe Nagara.

Mangga soemerah.

Panoetoep pioendjoek -

Kapoengkoer diiebetkeunnana kana serat kabar atoeran abdi teh, koe Djoerahan Soetisna, wireh andjeuna djadi Committeer Raad sanes abdi noe hajang kaoeninga koe sadaja; ajeuna oge ieu pioendjoek kapaksa didadar, bakating koe adjrih, bilih disebat dipariksa teu nemoalan, moeng kapajoen moega teu djadi doedoeka bilih abdi teu tiasa ngiring deui tjatjarios.

Kairing koe kaweningan poen

**Poerwanagara.**

## Pikiraneun.

ASMARANDANA.

1. Pinter bisa ngoekir langit,
binekas ngareka doenja,
lain keur sorangan bae,
perloe inget ka noe liau,
noeloeng nalang noe snesah,
kapinteran teh keur batoer,
bener ge boga sorangan.
2 Rea banda soegih barti,
naha saha noe njeboetna?
Moen teu noe miskin noe bodo!
Tah oerang koedoe ka dinja,
nja moelang panarima.
ka noe leuwih mah teu perloe,
koedoe ka handapeun oerang.
3. Noe leutik sering teu mahi,
noe malarat sering lapar,
noe bodo katotolojoh,
noe handap sering katintjak,
noe toena kabalangsak,
noe ripoeh sok sering boetoeh,
noe kitoe tauggoengan oerang.

**M. A. Salmoen.**

## Pikiran!

Pasoendan ngoedag kamadjoean Soenda. Oepami Soendana tjitjing, koering wantoeu toempangan, kamadjoean Soenda mowal kaoedag koe Pasoendan.

Kamadjoean lir noe leumpang indit ti dieu, datang ka ditoe.

Kamadjoean lir noe djadi mimiti leutik datang ka gede.

Kamadjoean lir-lir-lir dj. s. t.

Djadi tetela pisan noe dibasakeun kamadjoean teh hartina pirang pirang pisan kari koemaha noe ngabasakeun bae.

Madjoena kahar biasana ditarik koe koeda. Dimana koedana noe narik tea mogok kaharnaa tjitjing da teu bisa madjoe pribadina.

Ajeuna koeda atawa sato naon bae di leuweung bisa loempat (madjoe) sakadaekna, sabab koeda mah boga karep sarta bisa madjoe beda deui djeung kahar noe tadi ditarik koe koeda mogok tea, teu boga karep-karep atjan soemawonten bisa madjoe mah henteu.

Pasoendan (oerang Soenda katoet sagalana) moal bisa madjoe dina sagala hal oge lamoen Pasoendan siga kahar noe tadi tea teu boga karep.

Pasoendan boga karep. Karep Pasoendan kalampoed koe pirang pirang rereged meh teu katara.

Rereged noe pang pangna noe moental karep Pasoendan bodo.

Toeh riab oerang Soenda ka manamana, ting tarolog kotokeun, njiar kamoeljaan doenja. „Kotokeuu" zeg ik.

Noe njiar kasalametan toenggoel diparoed tjatang diroempak, daringglas!

Noe njiar kabeungharan momobilan memeh dagang roengkad manten!

Noe hajang madjoe gelemboeng kalah ka saoer. dagang tani teu di oelik, agama teu dipirosea, poelitiek kalah ka bentik tjinggir balas ngadjidjingdjing etas saban rek koempoelan.

Kolot mah saeutik mahi rea njesa.

Tah eta sesa noe dibasakeun madjoe teh hartina ti sasari, nisab tina djamak biasana..

Boh dina kaboga,
boh dina kabisa,
boh dina kanjaho,
boh dina sagala hal.

Lir indit ngoesap biritna, lir angkat ngoesap sindjangna Pasoendan koedoe ngoetjik-ngoetjik noe keur tjalik, koedoe ngagoegahkeun noe keur tapa, nja eta: Karep tea, noe woedjoed teu poegoeh doemoek, noe aja doeka di mana, noe ngantjik di diri pribadi.

Koelisik noe geulis njaring,
ka-hajang hoedang.
Noe leudjang.

Sanggeus jakin njaring, nembe nanja maneh:

Rek angkat ka mana?
Ka mana djalanna?
Make naon?

Economie ta' politiek.

Economie-economie noe mendi, naon heula?

Politiek politiek noe mendi, naon heula?

Aloes politiek ta' taktiek?

Naon noe koedoe digedekeun?

Dimana geus kapendak, jakin ajana, kakara angkat, ambeh poegoeh noe didjoegdjoeg. karoehan anoe disedja rek kamana tea?

**M. G. K.**

Tjiamis (Galoeh) 15/3.'27.

## Padjeg anjar?

Nembe oge nembe, aja marahmaj kabingahan noe djadi oerang lemboer, sapedah moeatanana rada dikoeroed tea, bet aja deui bae djampe lini teh, ngarah nambahan benzinna oerang lemboer, Piraaakoe bade boelak-balik dekok. di tjong deui tjong deui mah; eta voorstelan, djisim koering moefakat kana dialoengkeun baae, ka Tjimoeloe sina palid djaoeh! keun, sina njangsang di rantja-laktok.

Kawas teh, teu oeninga bae, kapan tjenah begrooting taoen 1926 aja pasesaan, leuwih poeloehan malioen, doegi ka teu owel mitjeun 12 malioen noe 10% Landsopcenteu verponding tea, kanaoed moesna, oge extra, ngoeroed saeutik tjenah ngahampelas Land opc. Ink. bel. Groote aanslag. aja rada enteng; koe raraosan pangagoeng moal gana-gana maritjeunan noe karitoe, oepami masih keneh boetoeh pisan mah, nja sakadar kaperloean saoetak-saeutik mah, manawi wajahna bae.

Atoeh oepami kedah ngajakeun deui belastiug anjar mah njasat-njasat, ka hese hese kedah gentos kedok gentos igel, ari Bosetek keneh, asa njieun padamelan.

Eta pangiuten Djoeragan Karang mah, sapedah kaoentoengan Loerah ngirangan? Wah! gampil eta mah Djoeragan! saheulaanan tamba loemajan mah, eta bae bagian Loerah Collecteloon boeroehan nagih, ti djaman Brawidjaja doegi ka kiwari masih keneh 8% bae, tjing! voorstel bae sing rada ngised saeutik, ngarah boeleud djeung nambihan-gampil ongkoh kana oetang-itoengna, didjieun tae 10% kainjah! sareng eta deui, bewijs pamotong oelah 4% atoeh, samikeun bae sareng poengoetan artos noe saneesna.

Aja deui voorstelan ngarah atoh ka Loerah, eta belasting para Djoeragan Djoeragan sareng bangsa oerang noe rada baleungnar, pasrahkeun bae sina dipoengoet koe Loerah, soepaja kaarah collecteloonna, oelah toedjoel teuing stor ka kas, tanapi ka huipondercollecteur, da lamoen dipoengoet koe Loerah mah, kilang bara matak boetjitreuk, atoeh soegan matak nambah-nambah segoet kana leumpangna, da pagaweah Loerah teh, sagala Departement di Loerah aja.

**M.**

## Kasehatan.

Noehoen aja deui panaros tina perkawis elmoe kasehatan. Namoeng handjakal hese diwaleranana koe margi henteu ningal boektina sareng henteu tiasa ngabade pilandongeunana. Moegi-moegi bae aja deui dokter anoe sanes noe kersa ngadamel waleran anoe jaktos.

Panaros-panarosna bade diserat,

a. Kasawat naon disebatna anoe sok njeri toelang poehoe pingping (saleresna digigir anoe njendolna), babakoena karaosna oepami keur mondok atanapi keur dioek. Oepami hajang kiih karaosna ngawoewoehan sareng teras njeri kapajoen. Naon pilandongeunana? Vrouwenziekte parantos.

Waleranana: Eta kasawat tangtos ngahidji sareng noe disebat vrouwenziekte tea. Noe kedah dilandongan nja eta vrouwenziektena.

b. Koelit beungeut karaosna ateul pisan, asa aja noe tinggerejem katingalna meh sapertos koerap, moeng teu sabaraha. Naod pilandongeunana?

Waleranana: oepami ieu kasawat babarengan sareng kasawat a. anoe disebat di loehoer, tangtos ngahidji keneh sareng kasawat noe prantos diserat.

c, Djelema noe sering papasan sok kokoloteun dina pameunteuna. Naon pilandongeunana?

Waleranana: Landong noe pang saena nja eta oelah sok papanasan kedah nganggo padjeng atanapi toedoeng.

d: Sanaos tara papanasan seueur anoe sok katerap kokoloteun. Naon margina, sareng naon pilandongeunana?

Waleranana: Doepi margina mah didjero koelit aja barang noe matak hideung nja eta noe disebat pigment tea. Landongna kedah naroskeun ka spicialist Huidarts.

**R. Koesoema Soedjana.**

## „Golongan galak".

Dina ping 10/12 1926 Mas Argapoera oerang dessa Binangoen District Bandjar. geus kapalingan roepa-roepa barang ± harga f 20.— koe katjakepanana Golongan desa eta ngaran Noerhasan geus bisa nangkep 2 djalma oerang dinja 1 ngaran Manjasa ka 2 ngaran Wangsa, di dessa dipariksa weleh teu ngakoe, doeka lantaran bener-bener henteu maling, doeka koelantaran moengkir, henteu antapara deui eta golongan Noerhasan ngoelangkeun paneunggeul karet noe gedena saindoeng soekoe, Manjasa di teunggeul 4 kali dadada Wangsa oge 4 kali dadana. Eta doea djalma sampe kapaehan, dasar golongan tjakep pertjeka nja galak.

Henteu sabaraha lamina bangsat anoe toelen katangkep dina tt. 19/12 1926, nanging sanes koe golongan Noerhasan tapi koe Djoeragan Koewoe Sitoebatoe oge di dessa Sitoebatoe, barang-barangna Mas Argadipoera Hadji Mahpoed sareng Madasoeki oerang dessa Binangoen. Barang barang noe di paling aranjar keneh, ari noe malingna nja eta 1 Soebki Koeminis tjenah 2 Otjo ka 3 adina Otjo, atoeh Loerah-loerah noe geus kapalingan di desana saperti Loerah Binangoen Loerah Pasirreungit sami saroemping ka dessa Sitoebatoe ngoeroeskeun kawadjibanana.

Tjeuk Kisman noe mere katerangan ka koering, njoehoenkeun di pasihan katerangan eta golongan noe saroepi kitoe naha salah naha bener? lamoen bener naon gandjaranana! tapi lamoen salah naon hoekoemanana? margi eta Manjasa sareng Wangsa 6 dinten oedoer teu tiasa barang gawe pikeun mere teda anak pamadjikanana.

„Aja deui Kisman ti Sindang angin merekaterangan, aja tanah pagoenoengan di blok Pasirrombeng kampoeng Sindanghadji dessa Sindangangin, District Bandjar eta tanah aja noe moendoet pikeun di damel kontrakan, amoeng koe abdi-abdi henteu disanggakeun Sanaos abdi-abdi ngantos disaoer kakawadanan oge tetep bae teu njanggakeun margina, abdi-abdi oge sanes teu hojong kana eta tanah moeng ngemoet pibahjaeunnana nja eta ti eta goenoeng ngaloearkeun tjai-tjai saperti:

Ti kaler ngotjor ka Sawah blok Tjipitjoeng.

Ti wetan ngotjor ka sawah blok Tjipaseeng djeung Tjibebelik.

Ti kidoel ngotjor ka sawah blok Lebak angkrong.

Ti koelon ngotjor ka sawah blok Tjiawitali.

Tah anoe mawi teu kasanggakeun teh kitoe margina, djadi lamoen eta goenoeng diboeka tangtos sawah-sawah kirang tjaina, somah-somah tangtos roegi Kangdjeng Gouvernement oge tangtos moal iasa moengoet hasil. Koemargi eta kasanggakeun ka djoeragn Lid rad Kaboepaten soepados dilereskeun di rad.

**H. Proewito.**

N. B.

Da ari leresna mah, tanah-tanah anoe baris dipasihkeun ka kontrak kedah dibadamikeun heula di raad Kaboepaten.

## Sip No. 35.

Moegi kasanggakeun ka djoeragan Moehamad Ambri.

(Samboengan).

Batja A. i. oe. pego atoeh! da kedah oeni sareng dina waktoe koemaha? Ieu kedah goeroe noo netepkeun sareng goeroe noe noedoehkenn. Tah djoeragan kitoe tekad sareng pamendak koering teh, djaba djero podo, sabab maha soetji sipat djalal noe Agoeng teh anglipoeti sakehing doemadi, teu benten sareng noe ditjarioskeun koe djoeragan sanes diiteukan ngan. Djaba djero podo.

Tjenah lahiran djoeragan eta mah samemeh Agama, na ti mana atoeh asalna sahadat teh, ari lain ti indoeng sareng bapa.'

Di antara indoeng bapa kedah Ageme Agemi Angati Angati sabab „Bapa polah anak kapradah Bapa gagabah anak salah, Bapa salah anak haramdjadah"

Djoeragan M. A. Diemoet-emoet lahiran djoeragan sareng sim koering asa hent-u benteu saroepi gamah, naha saha noe ngagamahan lain oerang, koemaha soepaja oelah gamah atawa ngagamahan lain kedah Ageme Agemi Angati-Angati. Demi gagaman = parabot saha noe make, parabot lain noe oerang pikeun oerang naha make parabot lamoen teu Ageme Agemi Angati-Angati bisa salamet? Kawasna bae ieu tjarios, djoeragan basana, koering rasana, djadi saroea parantos bae djoeragan!

Tjeuk djoeragan Marta tjai Amarta pangbandjoer ari emoetan abdi bieu A = akoe = Allah.

Marta = gesang = oerip. Djadi hartosna Allah teh hiroep.

Saha noe njeboet akoe?

Ari noe njeboet Akoe eta ki oerip sabab lamoen teu hiroep moal bisa bisa njeboet Akoe.

Ana kitae hiroep oerang nja? lain, lain lamoen hiroep oerang moal daek kodjor.

Ieu katrangan sanes deui sareng tirta marta prawita soetji.

Dangdanggoela.

Piwoelang Djawa.

Lamoen milih ingkang djero sisip, lamoen milih ingkang Djobo sasar, semang semang pangidepe, lamoen milih ingkang doewoer, pan koemandang den akoe jakti, lamoen milia ngandap, jekti nipoen bingoeng sasare madhab papat, ingsar doewoer djaba djero darbe mami, kabeh-kabeh darbe ningwang.

Oelah waka bendoe oelah waka pertjaja raoskeun bae heula.

**H. Proewito.**

## Congres P. G. B. noe ka VIII

Dinten ka I.

Malem Djoemaah ping 10 Maart 1927 diajakeun rioengan tempatna di loods Kweekschool G. Sari, anoe saroemping kadjabi tioetoesan oetoesan, seueur tamoe tamoe noe sanes, sapertos: Directeur Kweekschool G. Sari sareng njonjana, toean Maatman goeroe Kweekschool, Dr. Poerbotjoroko sapoetra garwa, moerid-moerid Kweekschool. R. Kadiroen analist di Stovia, s. a. d.

Oetoesan pakempelan: B. O., Pasoendan, Sekaroekoen, Jong Java ngintoenkeun telegram teu tiasa dongkap. Wakil Pamarentah doeaan.

Oetoesan serat kabar: Locomotief, Bintang Timoer, Keng Po, Sipatahoenan, sareng Sediotomo. Kaajaan loods pinoeh doegi ka seueur noe ngadeg, teu kabagian korsi.

Kinten kinten taboeh 9, djr. Soekelan Voorzitter comite anoe nampi tamoe moeka tjarios, nganoehoenkeun ka noe parantos saroemping, ka oetoesan oetpesan njoehoenkeun dimaoem, dalaran teu tiasa njajagikeun tempat anoe langkoeng oetami. Saparantos nganoehoenkeun ka sadajana tamoe, ladjeng neraskeun tjariosan, nja eta tina perkawis kawadjiban goeroe sareng hal-hal anoe njamboeng ka dinja, koe andjeunna ditjarioskeun pandjang pisan, ditetek ti mimititina doegi ka tamatna, anoe ngadangoekeun katjida goembirana, doegi ka Directeur Kweekschool mah, saparantos djr. Soekelan tamat sasaoeranana, maparin panangan, koe margi tjotjog kana eusina eta tjariosan.

Tamat djr. Soekelan disamboeng koe djr. Sastrowirjo, biantara perkawis pamandangan „Pangadjaran sareng atikan" di oerang, andjeunna njarioskeun pangadjaran di dieu, dibagi djadi sababaraha bagian, benten pisan sareng di tanah Djepang, di ditoe mah pangadjaran teh saroepi bae, menak-koering sasakola reudjeung, sareng perkawis bajaranana mirah pisan, sakola anoe sapertos di oerang Mulo, bajaranana paling ageung f 0,50, rata-rata f 0,30, sakola handapna f 0.10 nanging seuseueurna mah baroedak teh teu majar, djelema djelema sadaja dipaksa kedah njakolakeun anakna, anoe teu noeroet dihoekoem, toekang-toekang mere pagawean (werkgever) teu kenging nampi pagawe anoe teu ngabogaan diploma kaloearan sakola sareng oemoerna teu kenging kirang ti 13 taoen. P. G. B. sareng K. B. kapoengkoer ngajakeun Inl: Onderwijs congres, maksadna eta Congres taja sanes kadjabi ti hajang ngamadjengkeun pangadjaran anoe dipikaboetoeh koe oerang di dieu, oelah ngan pamere itoe bae. Satiasa-tiasa pangadjaran teh kedah sadjalan sareng kaajaan dioerang, pangabeuki oerang.

Kadjabi ti lalaki anoe kedah kenging pangadjaran, awewe oge kedah, soepados tiasa njekel roemah tangga anoe leres. Oepamina awewe teu dipadjengkeun tangtos tanah Hindia moal madjeng. Djr. Sastrowirjo njarioskeun ieu pangadjaran di oerang dibanding-bandingkeun sareng pangadjaran di sanes-sanes nagara, anoe teu kinten narik hatena, noe ngadangoe sami soeka; kinten kinten tiloe parapat djam ieu biantara tamat, tidinja pauze, sabot pauze diajakeun sarimpi moerangkalih, anoe dioesahakeun koe Dr. Poerbotjoroko. malah anoe ngendanganana oge nja andjeunanana pisan. Eta sarimpi moerangkalih teu kinten loetjoena, prakprakanana sapertos sarimpi noe parantos ahli bae. Anoe ngawihanana moerid moerid sakola Kartini. kawih dibarengkeun, anoe ninggang pisan kana sora gamelanana, tjindekna dina kaajaan eta sarimpi, jaktos moerangkalih nanging katjida saena, dina waktos eureun sora keprok mani eundeur, awahing koe soeka-soekana ningali eta sarimpi.

Eureun sarimpi djr. Joedawinata ngadeg, biantara perkawis padamelan sagawe, maksadna ngadamel pamandangan, koe margi seueur keneh noe teu atjan ngartos pisan. koe andjeunna ditjarioskeun deui, etjes pisan, sagala maksad-maksadna, malah kamistianana anoe njekel pakempelan oge diterangkeun sapertos anoe djadi Bestuurna, eta sakirang-kirangna kedah ngagadoehan opat sarat: 1e. loeas pamandangana, 2e. lempeng hatena (haloeanana). 3e. daek digawe. sareng 4e ngabogaan kakoeatan; nanging sanadjan anoe djadi locomotief ngagadoehan eta sipat anoe opat oge, oepami anoe djadi lidna tea teu noehonan kaelidanana, tangtos moal madjeng deui, djadi kedah bareng digawe sasarengan, oelah sewang sewang atanapi mertjajakeun Bestuurna bae. Kinten kinten taboeh 11 wengi, rioengan ladjeng ditoetoep sarta dihormat koe gamelan.

Dinten II openbaar.

Dinten Djoemaah ddo 11/3'-27, tempatna di Loods keneh, oetoesan anoe dongkap tina 20 tjabang, aja 14 tjabang. Tamoe B. O, Pasoendan sareng Goeroe-Goeroe oetoesan serat kabar sareng wakil Pamarenta sapertos kamari.

Taboeh 8 endjing ngawitan congres diboeka koe Vice Voorzitter, margi Voorzitter (djr: Soetadi) teu soemping djalaran teu damang.

Vice Voorzitter sasasoeran teu kinten pandjangna, nerangkeun ti asalna ngadeg P. G. H. B. doegi ka waktos harita sarta njarioskeun oge boeah-

boeahna

SatamatVice Voorzitter sasaoeran ladjeng digentos koe 2e. Secretaris maos notulen congres P. G. B. anoe ka VII di Pasoeroean, sarta saparantosna ladjeng di sahkeun koe congres.

Tidinja gentos 1e. Secretaris maos jaarverslag taoen 1926, ieu oge saparantos tamat, teu sakoemaha seueurna anoe reboet bener, sareng poetoesanana ladjeng disahkeun. Kas verantwoording samemeh ditjarioskeun ngajakeun heula koemisi anoe marios, didjadikeun koe lima djelema oetoesan-oetoesan anoe ditoedoeh koe congres. Harita koe margi kaboedjeng seep waktosna, saparantos masrahkeun boekoe-boekoe noe bade diparios koe koemisi, congres ladjeng ditoetoep.

Aja samboenganana.

## Vergadering Raad Kaboepaten Tasikmalaja tanggal 20 April 1926.

Regentschaps Raad No. 683/19 R. R.
Tasikmalaja, 2 April 1927.
Jang terhormat
Toean-Toean lid Raad
Kaboepaten Tasikmalaja.
Dengan hormat.

Kasih bertaoe pada hari Rebo tg. 20 April 1927 moelai poekoel 9 pagi, tempatnja di pendoppo Kaboepaten Tasikmalaja, aken diadakan openbare vergadering Raad Kaboepaten Tasikmalaja.

Hareplah toean soeka dateng menghadliri itoe vergadering.

De Regent van Tasikmalaja.
Wiratanoeningrat.

AGENDA.

Punt 1.
Goedkeuringnja notulen raadsvergadering tg. 23 December 1926 dan 3 Januari 1927.

Punt 2.
Toelating nieuw benoemd lid v/d Reg. Raad van Tasikmalaja Mas Wirapoetra.

Punt 3.
Ingekomen stukken.

Punt 4.
Menetepkan kohier vergunningsrecht.

Punt 5.
Motie regentschap Indramajoe zittinggelden bagai leden Gecommitteerden (soerat tg. 11/2-27 No. 160/27 RR).

Punt 6.
Menetepkan verordening peratoeran bagai loemboeng dan bank dessa di Kaboepaten Tasikmalaja (soerat tg. 11/2-27 No. 412/27 RR).

Punt 7.
Menetepkan verordening boeat menarik kombali art. 10 dari „domeinverordening" (soerat tg. 22/2-27 No. 467/29 RR).

Punt 8.
Menetepkan verordening boeat menghilangkan art. 1 lid 2 dari „Drankverordening".

Punt 9.
Menetepkan verordening boeat merobah verordening padjeg petasan (soerat tg. 1 Maart 1927 No. 514/29 RR).

Punt 10.
Idem meboeboehi Slachtverordening.

Punt 11.
Menambah art 9 sub a. dari Reglement koeboeran Tiong Hoa jang dipegang oleh Gew: Raad der Preanger-Regentschappen (soerat tg. 7 Maart 1927 No. 612/6 RR).

Punt 12.
Permoehoenan Kashouder regentschap boeat menaikkan toelage (soerat tg. 8 Februari 1927 No. 579/24 RR).

Punt 13.
Menetepkan instructie boeat Controleur Reg. Bedryven (Soerat tg. 22/1-27 No. 460/12.)

Punt 14.
Merobah begrooting taoen 1927 (soerat tg. 16/3-27 No. 613/20 RR).

Punt 15.
Menetepkan automobielregeling (soerat tg. 25 Maart 1927 No. 703/2 RR).

Punt 16.
Automobiel verschot Directeur Regentschaps Werken (soerat tg. 25 Maart 1927 No. 702/2 RR).

Punt 17.
Voorstel af- en overschryving begrooting 1927 (soerat tg. 22/2 1927 No. 459/20 RR).

Punt 18.
Idem (soerat tg. 19 Maart 1927 No. 642/20 RR).

Punt 19.
Idem begrooting 1926 (soerat tanggal 28 Maart 1227 No. 693/10 RR).

Punt 20.
Dari hal pilihan Controleur Regentschaps Bedrijven (soerat tanggal 5/3-1927 No. 548/1 RR).

Punt 21.
Permoehoenan Dirapradja mendirikan passer Particulier (soerat tanggal 17 Maart 1921 No. 623/8 R. R.)


9

Schoenmakerij en Kleermakerij
„Malah Mandar"
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pameget atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng model Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos
pesenan poen
**O. Sasmita.**

N. B.
Toedoeng Panama

| | |
|---|---|
| noedidamel tina palm | f 5,— |
| „ „ „ djakal | f 2,50 |
| strobin (pamoelaana) | f 0,25 |



# HINDIA MADJOE.

Itoe, jaitoe karena kepandaiannja pendoedoeknja. Inilah maksoed kami. Akan mentjapai maksoed ini, kami mengadakan kesempatan boeat siapa sadja jang membajar f 2,— seboelan, dapat beladjar **Behasa Belanda** dengan Cursus ditoelis tiap-tiap minggoe seboeah pengadjaran.

Kirimlah f 2,— dan dengan lekas kami moelai mengadjar.

**Behasa Belanda f 2,— seboelan**

**Het Algemeen Onderwsijs Bureau**
Naripan 90
BANDOENG.


## NUMMER SATOE

Pada ini hari Selasa tanggal 29 Maart 1927, datang mengadap saja Henri Joseph, Elisa, Moll, hoofd van Plaatselijk Bestuur di Tandjoeng Pinang, afdeeling Tandjoeng Pinang, residentie Riouw dan daerahtaaloeknja, toean Raden Wiradidjaja, dahoeloe bernama Jahja, oemoer 33 tahoen, pekerdjaan adjudant-onderofficier dikantoor militaire administratie nomor stamboek doea riboe tiga ratoes tiga, diam di Tandjoeng-Pinang, menerangkan kepada saja, bahwa dia hendak menaaloekkan dirinja kepada adat istiadat, hoekoeman civiel dan hoekoeman perniagaan seperti jang telah ditentoekan oentoek orang Europa,

dengan menerangkan,

Bahwa dia lebih dahoeloenja beloem ada pernah kawin, tetapi sekarang baristerikan seorang perempoean bernama Nji Raden Sitti Aminah, dahoeloe bernama Sitti Aminah, beroemoer doea poeloeh sembilan tahoen, perkawinan itoe telah didjadikan di Manondjaja didalam Provincie Djawa Barat; ada mempoenjai lima anak, namanja seperti berikoet.

Raden Poesma, oemoer 10 tahoen
Raden Moewib, oemoer 8 tahoen
Sitti Mariah, oemoer 7 tahoen
Sitti Djoelaeha, oemoer 5 tahoen
dan Raden Bawitj, oemoer 3 tahoen anak-anak terseboet dahoeloenja tiada pernah memakai nama jang lain.

Dari sebab itoe Raden Wiradidjaja beloem mengada nama asal (geslachtsnaam) ia memang bermaksoed dari kini akan memakai nama asal (geslachtsnaam) „Wiradidjaja" dan bermaksoed sendiri memakai nama ketjil (voornaam) Jahja; isterinja memakai nama Aminah. dan anak-anaknja jang beloem akil balig itoe seperti terseboet diatas memakai nama „Poesma", „Moewib", „Mariah", „Djoelaeha" dan „Bawitj".

Verklaring serta keterangan ini, diboeat dihadapan toean Noesjirwan, beroemoer empat poeloeh tiga tahoen dan toean Mohamad Apan, beroemoer doea poeloeh doea tahoen; jang pertama Districtshoofd Bintan diam di Penjengat, afdeeling Tandjoeng Pinang gewest Riouw dan daerahtaaloeknja, dan jang kedoea gediplomeerd ambtenaar bij den Inlandschen Bestuurs dienst diam di Tandjoengpinang terseboet kedoea mereka itoe telah akil balig, pendoedoek laki-laki Nederlandsch Indië, jang mana saja soedah kenal; ialah telah saja masoekan dalam register ini, sesoedahnja menoeroet atoeran-atoeran jang terseboet dalam artikel 4; dan lid pertama dari artikel 5 serta djoega lid pertama dari artikel 11 dari hal peratoeran menaakloekan diri kedalam adat istiadat dari hoekoeman civial dan hoekoem perniagaan bangsa Europah (Staatsblad 1927 nomor 12)

Het Hoofd van Plaatselijk
B. terseboet
**(w.g.) H. J. E. Moll.**

## NUMMER EEN.

Heden, Disdag den negen en twintigsten Maart negentien honderd zeven en twintig, verscheen voor mij. Henri, Joseph, Elisa, Moll. hoofd van Plaatselijk bestuur te Tandjoeng Pinang, afdeeling Tandjoeng Pinang, gewest Riouw en Onderhoorigheden de heer Raden Wiradidjaja vroeger genaamd Jahja. oud drie en dertig jaren, van beroep adjudant-onderofficier bij de militaire administratie, algemeenboeknummer twee duizend drie honderd en drie, wonende te Tandjoeng Pinang in gemelde afdeeling, die mij verklaard heeft, dat hij zich vrijwillig wenscht te onderwerpen aan het geheele voor Europeanen vastgestdlde burgerlijke en handelsrecht;

onder opgave tevens:

Dat hij tevoren niet gehuwd is geweest, doch dat hij thans gehuwd is met vrouwe Nji Raden Sitti Aminah, vroeger genaamd Sitti Aminah, oud negen en twintig jaren, welk huwelijk is voltrokken te Manondjaja in de Provincie West-Java;

dat hij vijf minderjarige kinderen heeft een achtereenvolgens genaamd:

Raden Poesma, oud tien jaren,
Raden Moewib, oud acht jaren,
Sitti Mariah, oud zeven jaren,
Sitti Djoelaeha, oud vijf jaren, en
Raden Bawitj, oud drie jaren,

welke kinderen vroeger geen andere namen gedragen hebben; dat hij bij gebreken van dien tot geslachtsnaam wenscht aan te nemen „Wiradidjaja" en verlangt dat hijzelf den voornaam „Jahja", zijn echtgenoote den voornaam „Aminah" en zijn minderjarige kinderen in volgorde als zij hiervoren vermeld staan onderscheidenlijk den voornaam „Poesma", „Moewib", „Mariah", Djoelaeha" en Bawitj" zullen dragen.

Deze verklaring en opgave, geschieden in tegenwoordigheid van den heer Noesjirwan oud drie en veertig jaren, en den heer Mohamad Apan, oud twee en twintig jaren, de eerste van beroep districtshoofd van Bintan, wonende te Penjengat, afdeeling Tandjoeng Pinang, gewest Riouw en Onderhoorigheden, en de tweede van beroep gediplomeerd ambtenaar bij den Inlandschen bestuurdienst, wonende te Tandjoeng Pinang voormeld. beiden meerderjarige, mannelijke ingezetenen van Nederlandsch-Indië en mij persoonlijk bekend. zijn door mij in dit register ingeschreven, nadat de voorschriften van artikel 4, van het eerste lid van artikel 5 en van het het eerste lid van artikel 11 van de regeling nopens de vrijwillige onderwerping aan het Europeesche privaatrecht (Staatsblad 1917 nummer 12) is voldaan.

Het Hoofd van Plaatselyk
Bestuur vd.
**w.g. H. J. E. Moll.**


Na djoeragan teu atjan oeninga kana boekoe **„Wajang Poerwa"** pangaosna f 1,25 sareng boekoe **„Democratie"** pangaos f 0,12[5] kaloearan Pasoendan Tasikmalaja. Oepami teu atjan enggal pesen.



**TEGELFABRIEK**
**„NAJA"**
Goenoengsabeulah
TASIKMALAJA.

Midamel roepi-roepi tegel. pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur.



Toko en Drukkerij Pasoendan
Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pangadjaran sakola sakola sareng aosan sepoeh anom.

Nemte medal wawatjan Angling darma f 1.75
Ww. Sadjarah K. N. Moehamad (ngamanah 10, ongkos vrij) f 0,25
Goeritan sakola f 0,06
Neng Hajani f 0.50
Paririmbon sepoeh f 0.15
Biantara Democratie f 0.12[5]
Batararama 3 djilid f 1 50

Djabi ongkos ngintoenkeun.



*Hatoer oeninga!*

Toko Soenda midamel babakan, tebihna ti Aloen-Aloen Tasikmalaja, nganggo delman 3/4 djam, kareta mesin 1/2 djam, auto 1/4 djam, malah ka telahna oge Babakan Soenda baé, ieu Babakan di damel tempat pikeun plesiran, goena kasenangan sareng sport, disajagikeun roepi-roepi kaamengan, di sitoe njondong roepi-roepi parahoe, ti alit doegi ka noe ageung, malah aja noe kenging dianggo sapamili, kakiatan 24 panoeempang.

Ngawitan dina ping 7 Februari 27, prantos kenging dianggo pelesiran. sajagi Buffet iasa kenging roepi-roepi katoeangan, sareng leueuteun, oepami anoe bade lebet, kedah majar entre 10 cent, pikeun sagala bangsa, Noe njandak kareta mesin, di sajagikeun tempat moeng kedah meser nomer 2 1/2 cent, soepados oelah itjal sareng ngagampilkeun ka Pangoeroes.

**B. S. A.**



**Peresenan paling alit f 1000.**
**(sareboe roepia).**

Oepami djoeragan ngagaleuh boekoe-boekoe paling alit pangaos f 2,50 bade dihatoeran djalan soepados djoeragan iasa nampi prijs roepi artos pang alitna f 1000.— (Sareboe roepia).

Wedalan Tjikiray noe sajagi keneh, moeng kantoen saeutik deui:

| | |
|---|---|
| Waw. Naraka-Doenja . . . . . | f 0,40. |
| Tjarios Pegat-Toendangan . . . . . | f 1,10 |
| Waw. Anglingdarma I . . . . . | f 1,75. |
| Waw. Kiamat-Leutik . . . . . | f 0,30. |
| Waw. Ardjoenawidjaja . . . . . | f 1,—. |
| Hojong kagoengan garwa noe anom . . . | f 0,50. |

*Hoermatna*
Boekhandel & Uitgeverij „TJIKIRAY"
Groote posweg 84 SOEKABOEMI



**Toko Boekoe**
**WEBER**
**DJALAN STATION № 12.** **TELF. № 13.**
**Boekoe-boekoe** pengadjaran **bahasa Belanda**
jang terkarang oleh L. A. LEZER.

Belanda-Melajoe 1 djilid tamat, jang soeda kesohor . . f 1,50
Walanda-Soenda 3 „ „ „ „ . . . f 3,—
EMPAT BAHASA HINDIA jang baharoe terbit boeat beladjar bahasa Belanda-Melajoe-Soenda-Djawa. boeat orang Djawa jang soeka beladjar Melajoe atau Soenda, boeat orang Tjina boeat beladjar Soenda dan Djawa, dan boeat segala orang jang maoe beladjar bahasa lain, jang terpakai ditanah Hindia. 1 djilid tebal, 350 moeka besar . . . . . . f 4,—

Hoermatna
**H. E. Taijlor Weber.**





Ketoe Oedeng Makerij
**HALIM**
West Paser straat 16 Bandoeng



16

Salamina njajagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan saperto batik Tjiamis Solo Banjoemas a.s.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3,— f 3.50 f 5.— sareng sateraana noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 2.— f 3.50 f 4.— f 5.—

*Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.*

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—
1 „ „ „ 1 „ „ f 1.25

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geroesan kaloearan Bandjaran Bandoeng pangaos f 2 50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djoeragan-djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloehoer ieu koelan.

Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kemben, sindjang enz. wedalan *Tjiamis*, *Tasik*, Banjoemas, Djonas enz.

Punt 22.

Idem van Ardja (soerat tanggal 17 Maart 1927 No. 624/8 R. R)

Punt 23.

Merobah Raadsbesluit tanggal 20 Mei 1926 No. 26 (tentang pelanggaran dari oeroesan beheer dan administratie Regentschaps-Werken) soerat tanggal 18 Maart 1927 No. 633/2 R. R.

Punt 24.

Dari hal aanwijzingnja ressort Opzichter Regentschaps-Werken (soerat tanggal 21 Maart 1927 No. 655/2 R. R.)

Punt 25.

Menetepkan contrôlekosten bank dessa dari desa-loemboeng dalam Regentschap Tasikmalaja (soerat tanggal 21 Maart 1927 No. 640 R. R)

Punt 26.

Mengawasakan pada Kangdjeng Boepati mohonkan subsidie pada Regeering (soerat tanggal 21 Maart 1927 No. 653/11 R. R.).

Punt 27.

Menetepkan begrootinh „Algemeene Bedrijfsfonds dessacredietwezen boeat 1927 (soerat tanggal 18 Maart 1927 No. 638/26 R. R.).

Punt 28.

Memberentikan lid Inl. Schoolcommissie (soerat tg. 23 Maart 1927 No. 698/24 R. R)

Punt 29.

Membri peroentoengan dari Regentschap pada Pegawe Negri (soerat tg. 23 Maart 1927 No. 682/12 R. R).

Punt 30.

Inl. begraafplaats (soerat tg. 25 Maart 1927 No. 606/6 R.R.).

Punt 31.

Mohonkan subsidie pada Regeering banjaknja f 8000 boeat memperbaiki djalan ka Tjipatoedjah (soerat tg. 25 Maart 1927 No. 675/2 R. R).

**Rondvraag.**

## SOERAT KIRIMAN.

Garoet, 16 Maart 1927.

### Sareng hoermat!

Disoehoenkeun ridona galih djoeragan Redaktoer Sipatahoenan soepados ieu soerat dilebetkeun kana orgaan Pasoendan, reh pribados parantos matja hidji artikel dina Somah Moerba ping 1 Maart 1927, No. 8, anoe dialamatan „Anti Pergerakankah ???"

„Naon anoe ditjita-tjita koe pakem pelan Toelak Bahla Tawil Oemoer?"

Babakoena kasalametan Doenja Acherat.

„Koemaha djalanna?"

Titih rintih.

„Naon pakarangna?"

„Sabar, tawekal, pasrah. Lillahi ta Allah."

Teu tiasa paos nerangkeun, margi sok tara aja toeng o ngna, s reng sok kadjantenan djiga noe paseueur-seueur saoer teu poegoeh, anoe ditarek koe papakem Toelak Bahla Tawil Oemoer, da sadajana oge boh pakempelan boh sanes pakempelan kapan dianggo tisoesoet-tidoengdoeng, dibelaan boeboeh ripoeh kentel peudjit teh, teu aja sanes moeng palaj loeloes rooutoet, beres rowes, rapih sareng sadaja djalmi, salamet doenja Acherat.

Koemargi eta, oepami bae aja noe panasaran palaj ngajakinkeun, hojong oeninga lahir batinna pakempelan T. B. T. O., ajeuna mah soemping bae ka rorompok di Garoet, Empangweg No. 1, mangga oerang tjarios pandjang. Palaj bae aja noe ngadarangoekeun, njandak para boedjangga boedjangga, noe parantos loehoeng panemoena, legok tapakna, genteng kadakna, anoe adil timbang taradjoena Mangga oerang tjarios paos; soema wonten siang, dalah wengi oge ngantos - ngantos kana pangdeudeulna, pangdjeudjeuhkeunana sadaja djoeragan - djoeragan koemargi kasabaran teh anoe sakitoe sesah didjalankeunana, sareng koemargi pribados roemaos toena noen.

Hoermatna poen

**Soemardi (Voorzitter).**

## Naha dina bingoeng, keneh?

Maos Sipatahoenan No. 37. noe dikaloearkeun ping 15 Maart 1927 aja karanganana djoeragan Hardjoproewito lid Raad Kaboepaten Bandjar noe ti loehoerna „Basa di Raad Kaboepaten"

Simkoering matja eta karangan doegi ka tamatna, saparantos tamat dibalikan deui, bet diraos raos maksadna kawas - kawas djoeragan djoeragan elid teh teu atjan beres, enggoning ngadjalankeun damelna, hal kawadjiban dina eta Raad. Tandana masih keneh mareboetkeun **Basa** bae, nepi ka aja toedoehan elid djoeragan Hardjoproewito:

**„Oelah tingtjaroeit di loear toe doehkeun mana noe bener** Sim koering toemaros: Sanes Raad Kaboepaten teh parantos meh kadoea taoen ieu? Naha teu atjan aja katangtoesan noe bener dina hal makena Basa oge?

Ari di Raad Kaboepaten sanesna parantos aja katetepan basa naon noe dipake koe lid R. K. dina waktos kempelan? lain lalaworakeuneun estoe penting nja eta: keur ngabadamikeun beresna nagara katoet rajatna (ievooking). Tangtos noe dipikabojong koe Pamarentah agoeng sangkan rahajat soeka narima reudjeung kabartina naon noe geus didjadikeun kawadjiban tanggoenganana eta Rahajat. Soegan lami-lami bisa zelfbestuur, terang dina kaperloean oerang pribadi saweweungkon nagara oerang sangkan madjoe slamet rahardja.

Rahajat parantos neundeun kapertjajaan sarta milihna ka arandjeun sadaja. Soepaja barempoeg dina zitting Raad nimbang-nimbang naon noe djadi kaperloean dina salebet weweungkon kaboepaten, sing saloejoe sing akoer nintjak dina djalan kaadilan, sing karasa kaadilanana, boekti dina goembirana Rahajat.

Da djaman ajeuna mah eusi nagara teh lain woengkoel bangsa oerang bae aja roepa roepa bangsa, eta kabeh koedoe meunang kaadilan ti Pamarentah. Noe geus ditarimbang koe arandjeun tea; djeung arandjeun kawadjiban nepikeun kana kahajangna Rahajat anoe „Bener".

Naon noe djadi kaboetoehna, naon noe djadi kaperloeanana, naon noe ditjita-tjita koe Rahajat ajeuna. Oelah saperti katerangan Djoeragan Hardjo njambat-njambat kakoenaan, angger bae atoeh Conservatief. sanes ajeuna alam democratie?

Sablomnja praktijk soedah dapet theorie (teu aja ngamagang heula)

Naon-naon noe djadi kaperloean, enggal damel voorstel ka Paugagoeng. (Rahajat noe noenggoe noenggoe bari ngahoehoenkeun).

Sing araremet kana dawoehan srp. toean Besar ajeuna „hojong rahajat pertja deui kana pamarentah".

Da eta kisman-kisman bareto milihna goegoep toeroeg-toeroeg diboebarkeun, djadi ajeuna geus euweuh noe milih.

Ieu teu ngakoe, ieu teu njaho; Karasa bener atawa salah oge koe rahajat teu bisa naon-naon. Da sakitoe milikna teu aja ngoendjoekeun geschikt djeung ontgeschikna tina pagawean ngadjalankeun kawadjiban kaelidanana ari onkosna sama rata.

Samahan bati dioongan-bongan salah milih ajeuna oerang mah somahan wajahna ngantos - ngantos noe perang tjatoer koemaha poetoesanana moeng teu weleh weleh nja njoehoenkeun oelah lali kana kawadjiban.

**Poen Pasigier.**

## Vergadering Pasoendan di Tjiamis.

Hatoer oeninga ngawitanana vergadering Pasoendan di Tjiamis dinten Senen 18 April 1927 taboeh 5 sonten.

# KABAR

(Tina s. k. Sinar)

Hoofdbeheerder pagadean noe dina sataoen ngaloearkeunana doelt leuwih ti 2 malioen rek meunang toelage saboelan f 75.—

—o—

Professor - Professor sakola doktor loehoer di Batawi nja eta: Prof. Boeke di Universiteit Utrect, De Waart Direktoer Stovia di Batawi, Otten Hoofd Volksgezondheid di Hindia, De Langen Direktoer roemah sakit palaboean di Rotterdam, Lesk Leeraar Nias di Soerabaja. Djadi goeroe loehoer (hoogleeraar) loear biasa nja eta Leeraar di Stovia Mijsberg, Radsma, Boerma djeung Onderdirectoer Stovia Bakker. Pikeun goeroe propaedeutsch onderwijs (pangadjaran mimiti) Doctors van Leeuwen Direktoer 's Lands Plante teun Bogor, Delsman Directoer laboratorium Zeeonderzoek Jansen, kapala laboratorium. pharmacie afdeeling (bagian oebar-oebaran) di Weltevreden djeung Boerma Directoer Laborantorium.

Prof. Boeke kontrakna tjitjing di Hindia ngan sataoen. Andjeunna bakal djadi voorzitter faculteit. Engkena bakal digaunti djadi goeroe loehoerna koe Toean Mijsberg Toean Radsma djeung Boerma dina mimitina mah bakal djadi goeroe loehoer biasa. Goeroe loehoer biasa pikeun panjakit oemoem tatjan dibenoem.

Tjek bedja aja tiloe oerang Priboemi noe bakal djadi proffessor di sakola doktor loehoer nja eta Dr. Soetomo, Dr Soewarno djeung Dr. Sardjito.

—o—

Toean Albarda di Tweede Kamer moerstel soepaja di Nederland di sakola handap diaajaan deui klas VII.

—o—

Pilihan lid Provinciale Raden di di Nederland kieu beubeunanganana: Kaom Socialisten nambahan 12 lid, kaom Democraten nambahan 3 lid Vrijheidsbond nambahan 1 lid kaom Kersten nambahan 2 lid Kaom Katholiek ngoerangan 4 lid, kaom Anti Revolutionnaire partij ngoerangan 8 lid, kaom Christelijk. Historische partij ngoerangan 2 lid, kaom Plattelandbonders ngoerangan 4 lid. Reana lid Koeminis tetep.

—o—

President Amerika Sarikat Coolidge ngaloearkeun Veto (tanda teu moepakat) kana ngajakeun referendum (tanja ka oenggal djelema) di Pilipina moepakat heuteuna, oepama Pilipina djadi merdika.

—o—

Di gedong oetoesan negeri Roeslan di Peking katangkep pirang - pirang boekoe-boekoe djeung pakarang-pakarang pikeun njebarkeun koeminis di Tiongkok.

Tsjang Tso Lin njeboetna jen djelema noe katangkep noe berhoeboeng djeung koeminis koedoe dipaehan.

—o—

Sanggeusna Dr. Soetomo njanggakeun soerat ka G. G. jen noeroetkeun poetoesan vergadering Studieclub andjeunna moal nampi benoeman djadi lid Volksraad, Dr. Soetomo ka Batawi audiensi ka G. G. sareng njarita djeung Mr. Schrieke. Tjek bedja Dr. Soetomo bakal nampa benoeman djadi lid Volksraad, sabab ka j anana lid di Volksraad rek dirobah nja eta: 35 oerang Priboemi, 20 oerang Eropa, 5 oerang Asing wetan.

—o—


**Preanger Chemicalien Handel**

**Telefoon No 76.**

Selamanja sedia roepa - roepa obat patent dan lain lainnja, Minoeman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boucilla, dan bekakas potret.

**ADRES noe parantos KASOHOR**

**DAHJAN**

Toekang Mas Roemah 18

TASIKMALAJA.

Ngitjalkeun roepi-roepi perhiasan tina mas sareng perak, damelan pribados, sareng nampi padamelan sapertos: Ngadamel pending (band) pinggel peniti, soember, lilipen, padamelan ditanggel sae sareng enggal.

Djabi ti eta ngitjal roepi-roepi erlodji sakoe, erlodji tangan, wekker, dompet alpaka model anjar sareng seueur-seueur deui perhiasan mangga djoeragan-djoeragan enggal saroemping soepados kaoeninga.

— :o: —

Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:

**EEREDIPLOMA MEDALI**

3 **MAS.**

**Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).**

**Sajagi kareta Mesin** Merk **SIMPLEX** sareng Merk **Europa (England).**

Sajagi **Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop, Goodrich** harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

Inditna AUTOBUS
ka Garoet djam 7 endjing
ka Koeningan djam 7 endjing
ka Karangnoenggal djam 7 endjing
ka Bandjar djam 7 endjing sareng djam 12 endjing.

**Inditna ti Toko Beng.**

Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, saperti beureum ngora, hedjo ngora, boelao ngora, koneng ngora rowa keneh roepa roepana kleur, sareng kembang bodas nganggo strip Mas.

Stopflesch noe nganggo djing-djingan Winkelflesch (keler tempat koeweh) roepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter satengah.

Roa keneh sarang noe marodel sadjaba ti eta.

Sajagi roepi-roepi lampoe batre, noe prantos mashoer kasaenana, sareng kakiatanana, merk Winsester, sajagi batrena, boglomna roepi-roepi oekoeran.

Sareng prantos sajagi, Windbuks (bedil angin) Merk B. S. A, Caliber $4\frac{1}{2}$ m M sareng $5\frac{1}{2}$ m M. sajagi sareng kogelna.

Sadjabi ti eta, rowa roepi-roepi barang anoe marodel, Erlodjie Sitna anoe nganggo tjap karata api, noe biasa sok dianggo koe Personeelna S. S njalanna akoer pisan.

Sareng roepi-roepi eetservies noe sae, sareng noe mirah, noe pikeun 12 djalmi, sareng noe pikeun 6 djalmi.

Glas (loemoer) anoe nganggo kembang, sareng kleur roepi-roepi, rose, hedjo, koneng kolot stapflesch roepi-roepi anoe nganggo djingdjingan pikeun tempat koeweh (biscuit).

**KLOEAR BAROE**

SOESOE (MELK)

TJAP

**DJIN DJAGA**

**Soesoe manis Kwaliteit baik, rasanja sama dengen merk jang tersohor: harga, lebih moerah**

100% (Saratoes percent Kwaliteit.

**TARIEF HARGA**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 Peti | t/m | 10 peti | à f | 19,50 | per peti |
| 25 | „ | 50 | „ „ | 19 | per peti |
| 1 blik | „ | 12 blik | „ „ | 0,45 | per blik |

*Agent boeat Tasikmalaja*

**H. ABDUL MOEGNIE**

Telefoon 21

Stationsweg 20

TASIKMALAJA.

**Toko Universeel Agentschap**

**NIC MULLER**

**TASIKMALAJA.**

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

Sagala roepi obat-obat patent sareng seueur-seueur deui.

**Kenging moendoet** preskeran teu kedah ngagaleuh.

**Kenging soemping** ka toko anggoeun ningalian barang-barang sareng pangaosna.

**Kenging pesen** sagala roepi barang dikintoen remboes.

Oepami bade nganggo **bajaran njitjil** oge kenging asal tjekap njandakna.

**Sagala roepi kenging**, asal nganggo oeroesan

Ngiari **dielema** anggoeun dagang ngiring dina gorobag noe toko.

Kaoentoengan tjekap, ngan noe dagang kedah masihan boreh sawah atanapi naon bae.

*Hoermatna*

**NIC MULLER.**

**KLIROE SEKALI.**

Kaloe Toean-toean tida ratarata toeroet goembira boeat mengadaken pesta besar, pada nanti hari Saptoe ddo 30 April 1927, waktoe peringetan harilahir dan tjoekoep oesia 18 tahon, poetri Juliana di Nederland.

Boeat menjataken kagoembiraanja orang-orang jang soeda dewasa dan anak-anak, tida ada lain djalan jang sampoerna, kita sengadja soeda kasi dateng roeparoepa kembang api (vuurwerk) dari Fabriek Lauw Kang Boen di Batavia, jang soeda bebrapa kali dapet medali mas di pasar gambir, dan roepa-roepa petasan jang bagoes srenta njaring swaranja.

Boeat toeroet menjataken goembira, boekan sadja kaoem soedagar, jang paling teroetama Toean-toean Meester sekola jang dapet subsidie dari Gouvernement dan Toean-toean Priaji jang masi pegang dienst.

Dari sebab banjak jang bakal toeroet menjataken girang adaken pesta, kita harep Toean soeka lekas dateng di kita poenja toko, soepaja diblakang hari djangan sampe menjesel.

Memoedjiken dengen hormat

**YO TEK SENG.**

# Tipoeng Hoenkwe tjap Boengah

damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan **Tjitjoeroek.**

# PIKEUN SASIH SIJAM

Teu aja deui sanes roepi koeweh noe pangraos-raosna kadjabi ti koeweh-koeweh anoe didamel tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH. Koeweh noe didamel tina ieu Tipoeng aja masihan raos, seungit, adem sareng ni'mat ditoeang, sinareng tiasa masihan nafsoe kana dahar, pikeun BOBORAN SIAM.

Pikeun djalmi-djalmi noe saraoem, langkoeng sae sajagi ieu Tipoeng Hoenkwe, margina pikeun ngarot kopi atanapi thee, ieu koeweh kenging disebatkeun No. 1.

Saha-saha noe saraoem sering kirang nafsoe kana dahar, tapi oepami kersa njobi kana sapotong **AGER HOENKWE** atanapi **PUDDING** tangtos djadi kalintang nafsoena. Seuseueurna dina BOBORAN SIJAM sok raos ngaleueut anoe tiis-tiis, nja eta saroepi ijs sareng sirop, komo bae oepami nganggo TJENDOL noe didamelna tina TIPOENG HOENKWE tjap BOENGAH, tangtos djadi kalintang raosna.

Pangaos f 0,25 sapak. Pesen paling saeutik 15 pak, dikintoen rembours.

Atoeran nganggona Gratis!

**LOTERIJ WANG BESAR**

goena protestantsche Weeshuis Semarang

di main paling laat 1 Juni 1927

| | |
|---|---|
| 1ste prijs . . . . . . . . . . | f 150 000 |
| 2de „ . . . . . . . . . . | „ 100.000 |
| dan lain - lainnja prijs sampe . . . . . . | „ 400.000 |

Harga per lot f 11.— Porto f 0.35. Rembours f 0.75.

Pesen 8 lot ongkos vrij. Trekkingslijst dikirim gratis.

**Njonja TJOA TJOEN GOAN**

Halte Tjitjoeroek (Preanger)